Qabul qilindi: 25.03.2025 Chop etildi: 30.04.2025 UDK: 94 (575.1): 342.56

# XIX ӘСИРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ДИЙҚАНШЫЛЫҚ КӘСИБИ БОЙЫНША МАҒЛЫЎМАТЛАР

***Шерниязов Рахим Хабибназарович.***
***Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети "Археология" кафедрасы ассистенти***



rahimserniazov93@gmail.com
https://orcid.org/0009-0006-9512-8438

# СВЕДЕНИЯ О ЗЕМЛЕДЕЛЬЧЕСКОЙ ПРОФЕССИИ КАРАКАЛПАКОВ В XIX ВЕКЕ

***Шерниязов Рахим Хабибназарович***
***Каракалпакский государственный университет имени Бердаха Ассистент кафедры "Археология"***

# INFORMATION ABOUT THE AGRICULTURAL PROFESSION OF THE KARAKALPAKS IN THE 19TH CENTURY

***Sherniyazov Rahim Habibnazarovich***
***Berdaq Karakalpak State University***
***Assistant of the Department of "Archaeology"***

***Аннотация:*** *Бул мақалада қарақалпақлардың XIX әсирдеги дийқаншылық кәсиби менен шуғылланғанлығы ҳаққында тарийхый ҳәм жазба дереклерде келтирилген мағлыўматлар берилген. Сондай-ақ, дийқаншылық пенен шуғылланыўға қолайлы болған жерлер, қала ҳәм қорғанлардың жайласыўы ҳаққында да мағлыўматлар келтирилип өтиледи.*

***Таяныш сөзлер:*** *Дийқан, Әмиўдәрья, Т.А. Жданко, Үстирт, Сарықамыс, Әбилғазыхан, Арал, Төк қала, Даўқара, Қуўандәрья, С.П. Толстов.*

***Аннотация:*** *В данной статье приведены сведения из исторических и письменных источников о занятии каракалпаков земледельческим ремеслом в XIX веке. Также приводятся сведения о землях, удобных для земледелия, расположении городов и крепостей.*

***Ключевые слова:*** *Дехкан, Амударья, Т.А. Жданко, Устюрт, Сарыкамыш, Абулгази-хан, Арал, Ток-кала, Даукара, Кувандарья, С.П. Толстов.*

***Abstract:*** *This article provides information from historical and written sources about the Karakalpaks engaging in agriculture in the 19th century. Information is also provided about lands suitable for farming, the location of cities and fortresses.*

***Keywords:*** *Dekhkan, Amu Darya, T.A. Zhdanko, Ustyurt, Sarykamysh, Abulgazi Khan, Aral, Tokkala, Daukara, Kuvandarya, S.P. Tolstov.*

Қарақалпақлардың жайласқан жер шараяты әййемги дәўирлерден баслап-ақ ҳәр қыйлы болып келген. Арқа шығыстан Қызылқум, арқасы Арал теңизи, батыстан Үстирт даланлығы, қубла-батысы Қарақум менен шегараланған Әмиўдәряның төменги ағысларында оазис жайласқан. Усындай жер шараятының ҳәр қыйлылығына байланыслы



TAMADDUN NURI

қарақалпақлар әйемги дәўирден баслап хожалықтың бир неше түри менен бирден шуғыллана алған.

Қарақалпақларда ерте дәўирлерден баслап дийқаншылықтың үш түри белгили еди: мәўсимлик - дәрья, көллер жағалары ҳәм қайыр жерлер, үзликсиз суўғарылып егилетуғын егис майданлары. Дәслепки еки түри бул дельтаның, каналлар, өзек ҳәм салмалардың суўдың ўақты менен тасып, суў басыўы менен байланыслы болса, үшинши түри бул қурамалы суўғарыў системасы, жаңа каналлар, салмалар қазып үзликсиз дийқаншылық пенен байланыслы.

XVI әсирдиң екинши ярымында Әмиўдәря суўының Аралға қуя баслаўы менен, қарақалпақлар еки тәрептен әййемнен ата-мәканы есапланған журтына қайта орналасып, бул жерлерди қайтадан өзлестирип, бурынғы хожалық турмысын тиклейди.

Т.А.Жданко "Сахра ҳәм тегисликлерде, көллер ҳәм дәрья дельталарында, соның ишинде ойпатлықларда жасаўшы халықлар жүдә әййемги заманлардан-ақ аўыл хожалығын жүдә жақсы билген. Бирақ, тәбийий-географиялық шараятлардың өзгерип турыўы, дийқаншылықтың бир қәлипте болмағанлығы себепли көбинесе олар шарўашылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған.... Көбинесе хожалық функциялары аўыл жәмийети арасында, ҳәтте, айырым ағзалары арасында бөлинген еди" [2. 631-632]. Дийқаншылық қарақалпақлар хожалығының тийкарғы тараўы сыпатында раўажланды.

А. Женкенсон 1558-жылы Иван IV буйрығы менен Каспий арқалы, Үстирт бойлап саяхат еткен. Биз (Уәзир қаласын усылай атаған) қорғанына кирип келдик. Бул жерде Азимхан деген шах ҳәм оның үш туўысқанының қабыллаўында болдым. "Уәзир қорғаны бийикликте жайласқан, ол жерде шах жасайды.... Қорғанның қубла тәрепи ойпатлыққа қарай кеткен ҳәм жүдә өнимдар жер екен. Бул жерде дийқаншылықтың көп түрлери егилген. Солардың бири қаўын болып оны аўқаттан соң суў орнына жейди екен. Буннан басқа ғарбызда бар екен. Суўды Окстен каналлар арқалы алған, бирақ жүдә аз екен. Себеби дәрья бурынғысындай Каспийге ақпай қойған" [3.53]. Сарықамыс 1558-жылы, Шайбанийханның XV әсирдиң ақырларында Адаққа қылған жүрислери дәўириндегидей... күшли ақпайтуғын еди. Ол дәрьядан суў алатуғын кишкене көллерге айланған еди.

Женкинсонның келген дәўиринде Әмиўдәрья бурынғыдай Сарыққамыс арқалы Каспий теңизине қуйып турмаған. Бул дәўир Әмиўдәрьяның ҳәзирги аңғары бойлап аға баслаған ўақты болса керек. Себеби А.Каулбарстың пикиринше..."Бул дәўирде Әмиўдәрьяның төменги ағысы бурынғыдай қумлықларға емес, қамыслықларға (теңиз жетеклерине) кирип кетеди.

Абулғазыхан өзиниң мийнетинде; Мен туўылмасымнан отыз жыл бурын Әмиўдәрья "Хастминардан" жоқарыда жайласқан. Оның ағысы Қарайғыр тоғайынан өтип өзине жол ашып Тоқ қалаға барған ҳәм Сыр (Арал) теңизине қуйған, сол себепли Үргениш суўсыз қалған. Буны Мунис 1578-жылы Ҳәжимхан патшалық еткен дәўирде Әмиўдәрья өз ағысын өзгертип, Тоқ қаланың жанынан өтип теңизге (Арал) қуйған деп келтиреди.

XVI әсирде Әмиўдәрья суўының Кердер аңғары бойлап ағыўы менен ол жерде суўлар тасқыны болып турған. Абулғазының айтыўы бойынша XVI әсирдеги жаңа арна Тоқ қаласы жанынан аққан [4. 193-197]. Тоқ қаладан жоқарыдан ағыс алған Көкөзектиң суўы үлкен тезлик пенен аққан, ески арнасы бойлап тез ағыўы нәтийжесинде Дәўқараны суўлар басқан. Сонлықтан айырым мағлыўматларда Даўқара теңизи деген ат пенен де аталған. XVI әсирдиң екинши ярымында дельтаның төменги ағысы ҳәм Даўқараның суў астында қалыўы Сырдәрьяның төменги ағысында жасаўшы қарақалпақлардың көшип келе баслаўына себеп болды. Бул жерде үлкен суўғарылатуғын жерлерди ийелеген дийқаншылық майданлары кеңейеди.

Каулбарстың картасында Шымбай қаласынан шығысқа қарай 18 км. узақлықта Көкөзектиң ески бөгетиниң қалдықлары сақланған. Бул Дәўқара ойпатында суў хожалығын раўажландырыўда, дийқаншылықтың түрлериниң көплеп егилиўинде Көкөзектиң әҳмийетиниң жоқары екенлигин билдиреди. Қуўанышжармадан басланған каналлар ишинде Кегейли ҳәм Пурхан каналлары болған. Кегейли каналы Шымбай қаласына, оннан узақтағы Қусханатаў бағдарына қарай жөнелген. Кегейлиниң Нәўпир деп аталған

ири тармағы арқа-шығысқа қарай ағып Ораз аталық қорғанының дөгерегин суў менен тәмийинлеген. Көкөзектен ажыралып шыққан Ақжағыстың төменги ағысы Қаратерең көллериниң шығыс тәрепинен қуйылып турған. XVIII әсирдиң биринши ярымында Ақжағысқа жақын жерде беккем қорған болған. Ақжағыстың шығыс бөлиминдеги гүллеген жерлерди Хийўа тарийхшылары "Ақжағыс халқы" ямаса "үш тармақ жағаларының халқы" (Есим, Көкөзек ҳәм Пурхан) деп атаған.

Бул дәўирде дийқаншылық халықтың тығыз жайласқан аймақлары дельтаның төменги ағысы, Қуўаныш-Жарма, Кегейли, Қыятжарған каналлары бойларында тез раўажланады. Халықтың санының өсиўи ҳәм дийқаншылық қарақалпақлардың тийкарғы хожалығына айлана баслаўы менен егис майданларының кеңейиўи нәтийжесинде XVIII әсирдиң ақыры - XIX әсирдиң басларында тийкарғы үш Қанлыкөл, Қусқанатаў ҳәм Кегейли дийқаншылық районлары қәлиплеседи [5. 76].

Шығыстаныўшы Ю. Брегель тәрепинен Қарақалпақлардың хожалығы, социаллық, жәмийетлик ҳәм салыққа байланыслы болған 39 ҳүжжет үйрениледи. Бул ҳүжжетлерде 1865-жылдан баслап 1875-жылғы Қарақалпақлардың еки арысы: он төрт урыў ҳәм Қоңыратлардың урыў қәўими сәўлеленген еди [6]. Қарақалпақлардың Маңғыт бийлери ҳәм жүз басы биригип Дәўлетназар бийге 6000 танап жерди Кегейли каналының үлкен тармағы Жылўан канал (жап) бойларын бергени ҳаққында (1852-жыл, 8 февраль) қарары Хийўа ҳүжжетлеринде орын алған. Усы ҳүжжетти үйренген Ю. Брегель "Жылўан канал" деген картада топонимикалық системада белгисиз дейди. Жылўан канал бойлары Маңғыт Дәўлетназар бийге ижараға берилген болыўы мүмкин. Дәўлетназар бий 6000 танап жерди алып дийқанлары, аўылласларына ижараға бөлистирип, "Жер мүлк жерин" де Субарендатор болып қалды.

Х. Вамбери "Әмиўдәрья тасқан ўақытта барлық ойпатлықты суўлар басқан. Суўлар қайтқанда қарақалпақлар нәм жерлерди ислеўге кириседи. Олар бул жерлерге қаўын, тары ҳәм арпа еккен. Жыйналған егинлерин үйлериниң қасындағы ураларға көмеди. Олардың маллары да аз болған, 2-3 түйеси, аты, сыйырлары бар үйлерди бай шаңарақлар деп есаплайды. Бул жарлылық Хийўа ҳәкимлериниң ҳәлсиз қарақалпақларды қысыўынан келип шыққан [8. 290, 1. 22]. Жоқарыда көрсетилип өтилгениндей қоңырат урыўының (қыят, ашамайлы, балғалы) жаўынгер тийресине кирген. XIX әсирдиң ортасында қарақалпақлар жасаған жерлеринде Шорахан, Маңғыт, Қыпшақ ҳәм Хожелиден басқа еки ири дийханшылық районыда пайда болады: олар Шымбай ҳәм Қоңырат.

Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясының С.П. Толстов басшылығындағы ислеген жумыслары Қарақалпақстан тарийхтаныўшылығында үлкен әҳмийетке ийе. Ол бул үлкени "Әййемги Хорезм" илимий мийнетинде (1948) "Орта Азияның Мысыры" деп атаған [10]. 1950-1960-жыллар аралығында С. П. Толстов қарақалпақ халқының Сырдәрья, Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья бойларында ирригация қурылыслары ислегенлигин, яғный жаңадан узыннан-узақ каналлардың көп санлы жап-арықлардың қазылғанлығын, үлкен бөгетлердиң ислengенлигин көрсетти. Бул мағлыўматлар қарақалпақ халқының суў қурылысларын, егиншиликти әзелден жақсы билгенлигине гүўа болады.

Қарақалпақларда дийханшылықтың отызға жақын түрлери бар екенлиги ҳаққында мағлыўматлар ушырасады. [14. 319-320]. Соннан бийдай, жүўери, арпа, сулы, сәбиз, пияз, асқабақ, қаўын-ғарбыз, тары, мәш, гүнжи егинлерин еккен.

Қарақалпақлардың турмыс тәризи төмендегише болған, олар қысы менен қыслаўда отырып, бәҳәр шығып, ҳаўа райы жыллы болғаннан соң жазлаўға көшип баратуғын болған. Қыс мәўсимин өткериў барлық ўақытта бир жерде болады. Бул жерде Отаў (Қара үй) жайласатуғын орын, көпшилик жағдайда жынғылдан исленген қора, мал қора, жер төле, бастырмалар болған. Жазлаўға ҳәм оннан қыслаўға кеткенде транспорт қуралы сыпатында өгиз ямаса ат жегилген арбалардан пайдаланған. Ат ҳәм арба қарақалпақлардың тийкарғы транспорты болып есапланған. Сондай-ақ қыс күнлери шаналардан пайдаланған. Суўлардағы транспорт сыпатында кеме тийкарғы рольлерди атқарған.

Жуўмақлап айтқанда қарақалпақлардың XIX әсирдеги дийқаншылық кәсиби бойынша мағлыуматлар бүгинги күнде де өз әҳмийетин жоғалтпаған.

***Пайдаланылған әдебиятлар:***


1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Н. 2003.
2. Жданко Т.А. Патриалхально-феодальные отношения у полуоседлого населения Средней Азии. Материалы первой Всесоюзной конференции востоковедов в.г. Ташкенте 4-11 июня 1957 г. Ташкент, 1958.
3. Толстов С.П. По следам древнехорезмской цивилизации. М-Л.,1948.
4. Гулямов Я. Г. Истрия орашения Хорезма с древнейших времен до наших дней. Ташкент, 1957.
5. Сарыбаев. К. История орошения Каракалпакстана. Н. 1995.
6. Брегель Ю.Э. Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. М.1967.
7. Жалилов О. XIX-XX аср бошларидаги қороқалпоқ тарихидан. Т. «Фан», 1986
8. Вамбери Г. Путечествие по Средней Азии. М., 1874.
9. Толстов С.П., Жданко Т.А..Итина М.А. Работы Хорезмскойархеолого-этнографической экспедиции в 1958-1963 гг. МХЭ. вып.6, М., 1963.
10. Толстов.С.П. Хорезмская археолого-этнографическая экспедиция (1945-1948 гг)- Труды ХАЭЭ. том I.
11. Толстов.С.П Древний Хорезм. М. 1948.
12. Толстов.С.П По следам древние Хорезмской цивилизации. М.1948.
13. Толстов.С.П По древним дельтам Окса и Яксарта. М. 1962.
14. Шалекенов М.У. Взаймоотношения народов Приаралья в XVIII-XIX вв. Алматы,1995.


TAMADDUN NURI